



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE KONSÈY KONSILTATIF SIBÈSEKIRITE A POU LI REVIZE SIBÈSEKIRITE SISTÈM ELEKTORAL LA POUTÈT YO TE RESEVWA RAPÒ SOU ETRANJE KI TE DERANJE ELEKSYON 2016 YO

Gouvènè Cuomo Mande Konsèy Konsiltatif Sibèsekirite Eta a Met Tèt Ansanm avèk Konsèy Elektoral Eta a ak Konte yo pou Revize Defans Sibèsekirite

Konsèy la pral fè Rekòmandasyon e Pwopozè Lòt Mezi Sekirite nan yon Delè 90 Jou

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nouvo mezi pou pwoteje entegrite pwosesis elektoral New York la, apre yo te fè rapò pou di Larisi te deranje eleksyon 2016 yo nan peyi Etazini. Gouvènè Cuomo mande Konsèy Konsiltatif Sibèsekirite Eta New York (New York State Cyber Security Advisory Board) la pou li travay ansanm avèk Konsèy Elektoral Eta a ak Konte yo (State and County Boards of Election) pou evalye menas ki egziste anvan sibèsekirite sistèm elektoral New York la, idantifye priyorite ki genyen nan domèn sekirite, e rekòmande lòt mezi sekirite ki nesèsè. A dat, pòk gen okenn rapò kredib ki pou ta revele deranjman osen sistèm elektoral New York la.

“Entegrite sistèm elektoral la esansyèl pou gen demokrasi, e lè moun atake prensip debaz peyi Etazini, nou dwe pran mezi sevè pou pwoteje entegrite demokratik la e prezève dwa nou pou n vote”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan New York, nou pran mezi sevè pou refòmè sistèm elektoral nou an e restore konfyans moun genyen nan gouvènman an. Rapò ki fèt resaman sou pirataj enfòmasyon sistèm elektoral Etazini an enkyetan anpil, e New York pral fè tout sa ki posib pou l kontinye pwoteje sistèm elektoral nou an ansanm avèk karatè sakre eleksyon nou yo. Piske nou pa jwenn yon repons federal konsète, Eta New York ap leve kanpe pou asire nou pare kont gwo menas ki genyen sou entènèt kont sistèm elektoral nou an.”

An 2013, Gouvènè Cuomo te kreye Konsèy Konsiltatif Sibèsekirite an, pou asire Eta a pa janm sispann anplwaye estrateji dènnye kri pou pwoteje moun New York kont menas sou entènèt. Konsèy la gen ladan ekspè sou zafè sibèsekirite, ki rekoni toupatou nan lemonn, e yo sèvi de konseye pou administrasyon an e fè rekòmandasyon pou pwoteje enfrastruktir ak sistèm enfòmasyon enpòtan eta a. Ekspè sa yo gen pami yo:

- Richard Clarke, Prezidan ak Direktè Jeneral Good Harbor Consulting, LLC, e ansyen Konseye Espesyal pou Prezidan an sou zafè Sibèsekirite

- Shawn Henry, Prezidan ak Chèf Ofisye Sekirite nan CrowdStrike Services
- William Pelgrin, Fondatè Multi-State Information Sharing and Analysis Center (MS-ISAC), Prezidan CyberWA, Inc., e Direktè Konsèy ak Konseye Estrateji Global pou Global Cyber Alliance
- Philip Reitinge, Prezidan Global Cyber
- Dtè. Peter Bloniarz, ansye Rektè nan Lekòl Enfòmasyon ak Enfòmasyon (College of Computing and Information) nan Inivèsite Albany e Direktè Egzekitif Konsèy Konsiltatif Sibèsekirite a.

Sou demann Gouvènè a, Konsèy Konsiltatif Sibèsekirite a ap travay avèk Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles, DMV), Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta a (State Office of Information Technology Services), ak Konsèy Elektoral Eta a ak Konte yo pou idantifye gwo risk Eta a kapab konfronte pandan eleksyon k ap vini yo, epitou feblès potansyèl yo kapab rektifye grasa nouvo règleman oswa envèstisman adisyonèl onivo eta a.

Konsèy la ap fè yon rapò sou konklizyon li yo e fè rekòmandasyon bay Gouvènè a ak Konsèy Elektoral Eta a nan yon delè 90 jou.

Mezi sa yo, se dènye etap nan yon seri mezi Eta New York pran depi lè li te resevwa rapò sou posibilite deranjman peyi Larisi depi anvan eleksyon 2016 yo. Grasa yon patenarya ant Branch Egzekitif la, Konsèy Elektoral Eta a, Asosyasyon Konte Eta New York (New York State Association of Counties), ak Biwo Federal pou Envestigasyon (Federal Bureau of Investigation, FBI), Sant Entèlijans Eta a (State Intelligence Center) travay tèt kole avèk Konsèy Elektoral Eta a ak Konte yo pou pwoteje sistèm yo e devlope plan sekirite kòm bakòp pou sitwèb eleksyon yo. Sa te gen ladan yon revizyon sekirite konplèt sistèm Enskripsyon Elektwonik Votè (Electronic Voter Registration) DMV a, analiz sistèm Konsèy Elektoral Eta a pou jwenn feblès potansyèl, e siveyans avanse trafik sou rezo yo ak monte sou sistèm sit Konsèy Elektoral Eta a.

Sant Entèlijans Eta New York la (NYS Intelligence Center) te etabli yon sant dapèl 24 sou 24 pou pèmèt konte yo fè rapò e jwenn asistans oka deranjman potansyèl, grasa vwa kominikasyon sekirize ki konekte New York ak resous ki sot nan ajans federal ak lòt eta yo. Anplis de sa, seyans te fèt chak semèn pandan peryòd elektoral la pou kontwòle menas e fè plis kowòdinasyon avèk patnè yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418